



RANN LAVI PI FASIL AVÈK RAPÈL SOU SANTE YO



Rann Lavi Pi Fasil Avèk Rapèl sou Sante yo

Si ou menm jan avèk majorite pasyan yo, gen anpil bagay k ap pase nan lavi ou. N ap rann lavi ou pi fasil pandan n ap ede ou swiv randevou swen sante ou yo. Apati mwa sa a, CHA pral itilize yon nouvo sistèm ki rele Hello World pou li voye mesaj tèks rapèl sou sante pou randevou ki pase yo pou:

- Vizit dyabèt yo
- Vizit tansyon wo (ipètansyon) yo
- Vizit Well child yo
- Egzamen fizik anyèl (plis pase 2 lane).

Si ou jwenn yon mesaj, tanpri kontakte nou pou w pran yon randevou. Y ap voye mesaj an anglè, kreyòl ayisyen, pòtigè oswa panyòl, toudepann de ki preferans lang ou nan dosye nou.

Vizit sa yo enpòtan pou sante ou (oswa sante timoun ou an). Menm si ou kapab toujou chanje lide, nou espere ou twouve rapèl sa yo itil pandan n ap travay avèk ou pou ede w rete an sante.



Ou santi w malad

Kounye a ou kapab mande yon Vizit Medikal Vityèl pou menm jou a oswa pou jou apre a atravè MyChart pou yon seri sentom. Sèlman konekte sou [MyChart](#) epi klike sou bouton Vizit (Visits). Sa ap pèmèt ou pran yon randevou video pou bagay tankou tous, tèt fè mal, COVID-19, doule nan do, demanjezon nan vajen oswa dechaj, doule nan pipi, ak lòt ankò. Si ou gen yon sentom ki pa nan lis rezèvasyon an, tanpri rele [biwo premye swen](#) ou. Y ap konekte ou avèk Sant Konsèy Enfimye nou an k ap kapab ede ou jwenn swen ou bezwen an.


Nan moman randevou w lan, w ap jwenn yon lyen pa mesaj tèks ak imèl. Sèlman klike sou lyen an epi konekte avèk kamera telefòn ouwa òdinatè w la. Toudepann de neseseite ou yo, nou kapab ba ou konsèy medikal, preskri ou medikaman, epi pwograme yon vizit pou swivi. Jwenn swen medikal ou bezwen an nan CHA san ou pa oblije kite lakay ou!



Kijan nou ye?

Èske ou te rele sant premye swen ou epi te pale avèk Sant Konsèy Enfimye a? Di nou kijan ou te santi ou lè ou [t ap ranpli kesyonè sa a](#). Sa pran de (2) minit – epi nou pal itilize done ou yo pou amelyore sèvis nou yo. Mesi paske ou pataje panse ou.

Reponn kesyonè a la a



Nou Kontan Wè Ou

Pandan laj ap antre sou nou, katarak kapab rann li difisil pou nou wè. CHA genyen kèk pami chirijyen je ki gen plis eksperyans yo nan zòn Boston nan ak ekspètiz espesyal nan [operasyon katarak](#), operasyon ki pi kouran ozetazini jodi a. Jwenn swen ou bezwen an nan Sant Zye CHA nan Somerville ak Malden.

Rankontre avèk Chèf Oftalmoloji, [Dr. Vincent Patalano](#), yon Pwofèsè Asistan nan Harvard Medical School ki nan CHA pandan plis pase 30 lane.

Pran kontak ak Sant Je CHA



WIC kenbe Timoun yo ak Fanmi yo an Sante

WIC se yon pwogram nitrisyon GRATIS ki ede fanmi (ansanm avèk papa yo) ki gen timoun ki poko gen 5 an jwenn manje ki an sante epi aprann kijan pou yo manje byen. Li soutni fanm ansent, timoun ak nouvo manman tou. WIC vle di Women, Infants and Children epi li GRATIS pou fanmi nan Massachusetts ki kalifye yo. Nou genyen yon nouvo lokal nan Somerville! Rele nou nan **617-575-5330** pou nou wè si n ap kapab ede ou.

Pwogram WIC a bay:

- Manje sen pou fanm ansent, tibebe, ak timoun
- Konsèy avèk nitrisyonis ki fòme
- Edikasyon sou lasante
- Sipò ak konsèy sou bay tete
- Rekòmandasyon pou swen sante ak sèvis sosyal
- Atelye travay
- Edikasyon sou nitrisyon anliy

Chèche konnen plis



Devan nan Zafè Sante Bouch

Avèk plis pase 7,500 imigran k ap viv nan refij pwovizwa nan Massachusetts, neseseite sanite kominote nou yo kontinye ap ogmante. Rezidan ki fenk rive yo te fè fas ak gwo difikilte nou pa ta imagine lè yo t ap vini an e anpil ladan yo genyen bon jan neseseite pou sante bouch yo. Dantis CHA a, Alec Eidelman, DMD, ak yon ekip pwofesyonèl te reponn.

Doktè Eidelman te apwofondi rechèch yo sou neseseite kominote yo, e li te travay dènyeman avèk pèsonel refij yo ak lòt pwofesyonèl pou òganize yon klinik sante bouch nan Everett. Klinik la, yon repons dirèk pou disparite rasyal ak etnik nan sa ki gen pou wè avèk aksè nan swen lasante, te trete 15 fanmi imigran nan mwa janvyè. Doktè Eidelman te di: “Se te premye modèl klinik mwen espere ki pral miltipliye an plizyè tankou li”. “Se bèl bagay lè bati konfyans nan kominote a epi ede moun yo jwenn swen yo bezwen an.”

Kredi fotografik: Kathleen Refior, Harvard School of Dental Medicine

